ТЫЗЭКЪОТМЭ – ТЫЛЪЭШ!

# Адыгэ макъ

Голос адыга

1923-рэ илъэсым гъэтхапэм къыщегъэжьагъэу къыдэкIы

№ 14 (20777)

2015-рэ илъэс

БЭРЭСКЭШХУ

ЩЫЛЭ МАЗЭМ и 30

къыхэтыутыгъэхэр ыкIи нэмыкI къэбархэр тисайт ижъугъотэщтых

WWW.ADYGVOICE.RU

Адыгэ Республикэм и Правительствэ игъэзет

ИСКУССТВЭМРЭ НЫБЖЬЫКIЭХЭМРЭ

**Музыкальнэ-художественнэ творчествэмкIэ я VI-рэ Дунэе фестиваль-зэнэкъокъоу «КIымэфэ Ривьерэр» Шъачэ щыкIуагъ. Адыгэкъалэ искусствэхэмкIэ икIэлэцIыкIу еджапIэ зыщызыгъэсэрэ пщынаохэм щытхъуцIэхэр зэнэкъокъум къыщыдахыгъэх.**

# Адыгэкъалэ ипщынэо сэнаущхэр



ШъхьакIумыдэ Хьаджаслъан композиторэу Лъэцэрыкъо Кимэ иконцертнэ пьесэу «ЗэфакIор», «Къэбэртэе зэфакIор» пщынэмкIэ къыригъэIуагъэх. Пщынао пэпчъ такъикъи 7-м къыкIоцI музыкальнэ произведениер ыгъэжъынчын фитыгъ. Хь. ШъхьакIумыдэм апэрэ чIыпIэр къыдихыгъ, фестивалым и Кубок къыфагъэшъошагъ.

Пщынаохэу Блэгъожъ Эдуардрэ ХъокIо Муратрэ зэгъусэхэу фестивалым яIэпэIэсэныгъэ къыщагъэлъэгъуагъ. Лъэцэрыкъо Кимэ адыгэ лъэпкъ орэдышъоу зэригъэфагъэмрэ Владимир Шаинскэм ипроизведениеу «МэшIоку шхъуантIэмрэ» адыгэ кIалэхэм къырагъэIуагъэх. Купэу зыхэтхэм апэрэ чIыпIэр къыщахьыгъ.

ЦIыкIуныбэ Мурадини тигъэгушIуагъ. К. Лъэцэрыкъом ыусыгъэ пьесэу «Тхьабысым Умарэ ишIэжь» зыфиIорэр, «Шапсыгъэ зэфакIор» пщынэмкIэ къыригъэIуагъэх, ятIонэрэ чIыпIэр къыфагъэшъошагъ.

Музыкант ныбжьыкIэхэм яIэпэIэсэныгъэ уасэ фэзышIыгъэ жюрим хэтыгъэх искусствэм щызэлъашIэхэу Москва, нэмыкI къалэхэм къарыкIыгъэхэр. Пщынаохэм якIэлэегъаджэу, Адыгэ Республикэм культурэмкIэ изаслуженнэ IофышIэу Хьэкомэ Симэ фестиваль-зэнэкъокъум изэхэщакIохэр къыщытхъугъэх, зэфэхьысыжь пчыхьэзэхахьэм С. Хьэкуамэм ыцIэ хэушъхьафыкIыгъэу къыщыраIуагъ, ригъаджэхэрэм лъэпкъ искусствэр къызэраухъумэрэр хагъэунэфыкIыгъ.

*НЭХЭЕ Рэмэзан.*

Сурэтым итхэр: **апэрэ чIыпIэхэр зыфагъэшъошэгъэ анахь пщынэо IэпэIасэхэр.**

НЕПЭ КЪЫХЭТЫУТЫХЭРЭМ АЩЫЩХЭР:

Я 2-рэ нэкIубгъор

**Тигъэзет икIэтхэнкIэ Адыгэкъалэ имэрэу Хьатэгъу Налбый инэу ишIуагъэ къызэригъэкIуагъэмкIэ редакцием Iоф щызышIэхэрэр зэрэфэразэхэм, УФ-м и Правительствэ Урысыем ианахь кIэлэегъэджэ дэгъухэм апае 2015-рэ илъэсымкIэ ахъщэу ыгъэнэфагъэр къызэратIупщырэм, фэшъхьафхэм афэгъэхьыгъэ къэбархэр.**

Я 3 — 7-рэ нэкIубгъохэр

**Тхьамафэу къихьащтым ителепрограмм.**

Я 8-рэ нэкIубгъор

**Мыекъопэ кIэлэцIыкIу орэдыIо-эстраднэ студиеу «Радугэр» зызэхащагъэр илъэсипшI зэрэхъугъэр.**

# Энергетикэр хэмытэу ашIышъуощтэп

**— Энергетикхэр хэмытхэу мэкъу-мэщым, промышленностым, зекIоным алъэныкъокIэ проектэу щыIэхэр агъэцэкIэнхэ алъэкIыщтэп, — щыхигъэунэфыкIыгъ Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан 2014-рэ илъэсым икIэуххэм афэгъэхьыгъэ пресс-конференциеу щыIагъэм.**

Федеральнэ, шъолъыр, республикэ, муниципальнэ къэбарлъыгъэIэс амалхэм ялIыкIо 50-м ехъу зыхэлэжьэгъэ Iофтхьабзэр бэмышIэу Адыгэ Республикэм и Правительствэ зычIэт унэм щыкIуагъ.

Адыгеим иэлектросетевой комплекс тапэкIэ хэхъоныгъэ зэришIыщтым фэгъэхьыгъэ упчIэхэу журналистхэм къыратыгъэхэм джэуап къаритыжьызэ республикэм и ЛIышъхьэ агу къызэригъэкIыжьыгъэмкIэ, 2014-рэ илъэсым иIоныгъо Дунэе инвестиционнэ форумэу «Шъачэ-2014-рэ» зыфиIорэм зэIухыгъэ Iахьзэхэлъ обществэу «Россети» зыфиIорэм зэзэгъыныгъэ щыдашIыгъагъ. А зэзэгъыныгъэм тетэу сомэ миллиарди 10 фэдиз хъурэ инвестициехэр тиреспубликэ къыхалъхьащтых.

Мы зэзэгъыныгъэм диштэу зэIухыгъэ Iахьзэхэлъ обществэу «Кубаньэнерго» зыфиIорэр ягъусэу 2015 — 2019-рэ илъэсхэм республикэм иэлектросетевой комплекс уахътэм диштэу зэрагъэпсыщт ыкIи хэхъоныгъэ зэрэрагъэшIыщт программэр къыхахыгъ. Ащ телъытэгъэ ахъщэр анахьэу зыпэIуагъэхьащтхэр къалэу Мыекъуапэ, Мыекъопэ, Тэхъутэмыкъое, Теуцожь районхэм подстанциякIэхэр, электрорыкIуапIэхэр ащыгъэпсыгъэнхэр ыкIи ыпэкIэ ашIыгъагъэхэр гъэкIэжьыгъэнхэр ары.

Мыекъопэ районым икъушъхьалъэхэм яэлектросетевой комплекс изегъэушъомбгъун ары анахьэу анаIэ зытырагъэтыщтыр. Ащ хэхьэх инвестиционнэ проектхэу «ЗекIо-зыгъэпсэфыпIэ паркэу «Джэнэт», «Лэгъо-Накъ» зыфиIохэрэм ягъэцэкIэн. Энергетикэм иобъектыкIэхэр зекIоным, промышленностым, мэкъу-мэщым алъэныкъокIэ инвестиционнэ проектхэм япхырыщын зэрэфэIорышIэщтхэм имызакъоу, Адыгэ Республикэм щыпсэухэрэм нахь цыхьэшIэгъоу электроэнергиер aIэкIэгъэхьэгъэным фэлэжьэщтых.

# Пщагъо къызыхъукIэ шъусакъ!

**Бжыхьэ-кIымэфэ уахътэм ом изытет нахьыбэу зэрэзэхъокIырэм къыхэкIыкIэ, транспортым изекIон нахь къин мэхъу ыкIи гъогухэм хъугъэ-шIагъэу атехъухьэрэм ипчъагъэ хэхъоным ищынагъо щыI. Ощх-осхэм, щтыргъукIым ямызакъоу пщагъор къызытехьэкIи зекIогъуае.**

УФ-м ошIэ-дэмышIэ IофхэмкIэ и Министерствэ АР-кIэ и ГъэIорышIапIэ кризиснэ Iофыгъохэм ягъэIорышIэнкIэ и Гупчэ испециалистхэм къызэраIорэмкIэ, пщэгъошхо къызыхъукIэ водителыр илъэсыбэ хъугъэу рулым зэрэкIэлъырысми, автомобилым идэгъугъи яшIуагъэ къакIорэп. Ащ фэшI ахэм пщагъом унаIэ зытетын фэе шапхъэхэр къыхагъэщых.

Пщагъор къызытехьэкIэ сакъыныгъэу къызхигъафэрэр ары водителым IэпыIэгъу къыфэхъущтыр. Амал иIэмэ рулым укIэрымытIысхьэмэ нахьышIу, ау ар бгъэцэкIэн умылъэкIыгъэмэ, скоростыр мэкIэдэдэу узекIон фае. Гъогум утехьэгъахэу пщагъом ухиубытагъэмэ, уздежьагъэм игъом узэрэнэмысышъущтыр къыдэплъытэу, умыгуIэмэ нахьышIу. Дэеу зэрэплъэгъурэм имызакъоу гъогури къегъэушынэ, о узщыфаем къэуцужьыгъуае мэхъу, ар зыщышъумыгъэгъупш.

Укъэуцунэу ипхъухьагъэмэ, гъогум нахь узэрэкIэлъырыкIыщтым упылъын ыкIи укъалъэгъунэу фарэхэр хэбгъэнэнхэ фае, ау мыщ дэжьым чыжьэу зыгъэнэфыхэрэр щыбгъэфедэхэ хъущтэп. Ахэм о плъэгъурэм къызэрэщагъакIэрэм имызакъоу, уапэкIэ къикIырэ транспортым иводители лъэшэу агъэохъущт. Пщагъом тегъэпсыхьэгъэ фарэхэр автомобилым тебгъэуцонхэ ыкIи ахэм дэгъоу Iоф зэрашIэщтым сыдигъокIи улъыплъэн фае. ГъогурыкIоным ишапхъэхэм къызэрэдалъытэрэмкIэ, пщагъо зыхъукIэ уапэ ит автомобилым уебгъукIо хъущтэп. Нэфрыгъуазэу къыхэнагъэр зыфэдэри мыщ дэжьым зэхэфыгъуае мэхъушъ, ащ нахь сакъэу улъыплъэмэ нахьышIу. Автомобиль апчхэм шъунаIэ атежъугъэт, сыда пIомэ шынэгъакIэр ахэм атехьэшъ, уапхырыплъыныр къин мэхъу. Пщагъом сигналыр нахьыбэу водительхэм агъэфедэ, сыда пIомэ транспортыр зыдэщыIэр нахь гъэунэфыгъошIу ащ къафешIы, арышъ, ащ шъукIэдэIукI, зэхэшъухыгъэмэ, шъори джэуап ешъутыжь.

Мы шапхъэхэр водительхэм агъэцакIэхэмэ, сакъыныгъэ къызыхагъафэмэ, зыщыпщэгъо уахътэм зекIонхэр нахь щынэгъончъэ къафэхъущт.

# Ныбджэгъу лъапIэхэр!



КIэтхэгъу уахътэм зэфэхьысыжьхэр къыфэтымышIхэу охътабэ зыкIытедгъэшIагъэр ащ къыгъэлъэгъуагъэм тигъэрэзагъэпышъ ары. ПочтэмкIэ къизытхыкIырэ пчъагъэм бэкIэ къыщыкIагъ. Уасэхэр тэ тиIоф хэмылъэу къызэраIэтыгъэхэм фэшI цIыфхэм кIэтхэныр къин къазэрафэхъущтыр къыдгурыIозэ, къэлэ ыкIи район пащэхэм бэрэ зафэдгъэзагъ тиIоф къыдеплъыхнхэу, хэкIыпIэхэр къыддагъотынхэу, лъэпкъ гъэзет закъор къэгъэнэжьыгъэнымкIэ яшIуагъэ къытагъэкIынэу. ЗэкIэми тыкъагъэгугъэгъагъ къыддеIэнхэу, ау анахь лъэшэу зишIуагъэ къытэзгъэкIыгъэр, зигущыIэ фэшъыпкъэу къычIэкIыжьыгъэр Адыгэкъалэ имэрэу Хьатэгъу Налбый ары. Экземпляр 500-м ехъу ащ пэщэныгъэ зыщдызэрихьэрэ псэупIэм къыщыратхыкIыгъ.

Налбый рэзэныгъэ фытиIэу тхьауегъэпсэушхо етэIо. КIэтхэгъу уахътэм къинэу хилъэгъуагъэм шIукIэ, дахэкIэ къыфигъэзэжьынэу, цIыфхэр къыфэразэхэу иIэнатIэ бэрэ Iутынэу, игухэлъхэр къыдэхъухэу, псаоу, тхъэжьэу щыIэнэу тыфэлъаIо.

*«Адыгэ макъэм» иредакцие щылажьэхэрэм ацIэкIэ ДЭРБЭ Тимур.*

Сурэтым итыр: **Адыгэкъалэ имэрэу Хьатэгъу Налбый.**

# Сомэ миллион 200 къытIупщыгъ

**УФ-м и Правительствэ Урысыем ианахь кIэлэегъэджэ дэгъухэм апае 2015-рэ илъэсым сомэ миллион 200 бюджетым щигъэнэфагъ.**



Ащ ехьылIэгъэ унашъом Дмитрий Медведевыр кIэтхэжьыгъэу субъектхэм атефэрэ ахъщэр мы мафэхэм афатIупщы. КIэлэегъэджэ анахь дэгъухэм аратыщт ахъщэр чIыпIэхэм ябюджетхэм мы мафэхэм къарыхьащт.

Анахьыбэ зытефагъэхэм ащыщэу Москва миллиони 9,4-рэ, Москва хэкумрэ Краснодар краимрэ миллиони 8,6-рэ зырыз, Башкортостан миллиони 7 аратыщт. Анахь макIэ зытефагъэхэр Чукотскэ ыкIи Ненецкэ автоном округхэр, Еврей автоном хэкур ыкIи Магадан хэкур арых.

Тэ тиреспубликэ къыIукIэщтымкIэ тызэупчIыгъэу, АР-м гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ и Министерствэ иIофышIэу Тамара Новеселовам къызэриIуагъэмкIэ, икIыгъэ илъэсым Адыгеим сомэ мин 800 къытефэгъагъ, мыгъи ащ фэдиз къыIукIэнэу мэгугъэх.

Ахъщэм ибгъэ-имэкIагъэр чIыпIэм щеджэрэ кIэлэеджакIохэм япчъагъэ елъытыгъ.

Анахь дэгъухэр сыдэущтэу къыхахыщтха? Зэнэкъокъоу Урысыем гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ и Министерствэ зэхищэрэм икIэухэм къагъэлъагъохэрэм яльытыгъэу анахь дэгъухэр къыхагъэщых. Къэралыгъо программэу «2013 — 2020-рэ илъэсхэм гъэсэныгъэм хэхъоныгъэ егъэшIыгъэныр» зыфиIорэм къыдилъытэрэ ахъщэм щыщ кIэлэегъаджэхэм аратыщтыр къызыхэкIыщтыр.

МинистерствэмиIыкIо къызэриIуагъэмкIэ, зэнэкъокъур очнэ-заочнэу зэхащэ. БлэкIыгъэ илъэсым ащ фэдэ Iофтхьабзэм тиреспубликэкIэ кIэлэегъэджэ 20 хэлэжьагъ. Ахэм ащыщэу 4-р анахь дэгъухэу алъытагъ ыкIи УФ-м и Правительствэ къытIупщыгъэ ахъщэм щыщэу сомэ мин 200 зырыз афагъэшъошагъ. Нэбгыри 9-мэ республикэм ибюджет къыхэкIыгъэу сомэ мин 50 зырыз аратыгъ.

Урысыем и Правительствэ ахъщэр къызэритIупщыгъэм фэгъэхьыгъэ къэбарыр тэ тиминистерстви къылъыIэсыгъ. Зэнэкъокъум изэхэщэн джы пылъых. КIэуххэр мэлылъфэгъум зэфахьысыжьыщтых.

*СИХЪУ Гощнагъу.*

# ЩытхъуцIэр къэзылэжьыгъэхэм афэгушIуагъэх

**Теуцожь районым инароднэ депутатхэм язэхэсыгъоу джырэблагъэ щыIагъэм Iофыгъо зэфэшъхьафыбэм щатегущыIагъэх. Ау ахэм афемыжьэхэзэ, сессием зыкIи зиIофшIэн хэмылъыхэ цIыфхэр къызкIырагъэблэгъагъэхэм игугъу къашIыгъ.**

А мафэм районым иадминистрацие ипащэу Хьачмамыкъо Азэматрэ народнэ депутатхэм я Совет итхьаматэу ПчыхьалIыкъо Аюбэрэ къырагъэблэгъагъэхэм ащыщхэм тын лъапIэхэр, рэзэныгъэ тхылъхэр аратыгъэх.

Апэ зыцIэ къыраIуагъэр Адыгэ Республикэм дэгъоу щызэлъашIэрэ цIыфэу, ащ икультурэ хэхъоныгъэшхохэр зэришIыгъэхэм зиIахьышхо хэзышIыхьагъэу, непэ Мыекъуапэ щыпсэурэ Аскъэлэе икIэлэпIугъэу ЛIыхьукIэ Андзаур. Ар тэ зытшIэрэр непэп, щыIэныгъэм игъогу шIагъо къызэрикIугъэм тыщыгъуаз. Аскъэлэе гурыт еджапIэм ыуж музыкальнэ училищэу Мыекъуапэ дэтыр къыухыгъ. IофшIэныр 1968-рэ илъэсым Тэхъутэмыкъое музыкальнэ еджапIэм щыригъэжьагъ, 1973-рэ илъэсым культурэмкIэ къэралыгъо университетэу Краснодар дэтыр къыухыгъ, ащ ыуж ежь зыщеджэгъэ училищым икIэлэегъэджагъ. Нэужым народнэ творчествэм ишIэныгъэ-методическэ ыкIи культурнэ-просветительскэ Iофхэм я Гупчэ идиректорыгъ, республикэ филармонием ипащэу лэжьагъэ. Адыгэ Республикэм культурэмкIэ иминистрэ игуадзэу илъэсыбэрэ Iоф ышIагъ. Илъэс 40-м ехъурэ республикэм икультурэ хэхъоныгъэшхоу егъэшIыгъэным, джы непэ тызщыгушIукIырэ, тызщыгушхукIырэ IофшIагъэхэр тиIэхэ хъуным ЛIыхъукIэ Андзаур хьалэлэу афэлэжьагъ, лъэпсэ пытэ афишIыгъ. А зэпстэур къыдалъытэзэ, Аскъэлае икIэлэ пIугъэу ЛIыхъукIэ Андзаур «Теуцожь районым ицIыф гъэшIуагъ» зыфиIорэ щытхъуцIэр фагъэшъошагъ.

Районым иадминистрацие ипащэу Хьачмамыкъо Азэматрэ народнэ депутатхэм я Совет итхьаматэу ПчыхьалIыкъо Аюбэрэ ащ къыфэгушIохэзэ, Теуцожь районым къыфишIагъэри зэращымыгъупшэрэр раIозэ, лентэ плъыжьыр ыпшъэ рашIагъ, къыфагъэшъошэгъэ щытхъуцIэр къэзыушыхьатырэ тхылъыри ратыжьыгъ, гоуцохи сурэт зытырарагъэхыгъ, псаунагъэ пытэ иIэнэу, бэгъашIэ хъунэу, илъфыгъэхэм янасыпырэ ягушIуагъорэ адигощэу щыIэнэу фэлъэIуагъэх.

Нэужым Адыгэ Республикэм и Парламент и Щытхъу тхылъэу Очэпщые кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм ипащэу, районым инароднэ депутатэу ХъокIо Мариет къыфагъэшъошагъэри зэхэсыгъом щыратыжьыгъ. Районым инароднэ депутатхэм я Совет ищытхъу тхылъхэр нэбгырипшIымэ, рэзэныгъэ тхылъхэр нэбгыритфымэ ПчыхьалIыкъо Аюбэ аритыгъэх. Ахэр зыфагъэшъошагъэхэм ащыщых районым инахьыжъхэм я Совет итхьаматэу Хъот Ерстэм, Нэчэрэзые еджапIэм идиректорэу Бэгъ Мариет, район администрацием иIофышIэхэу Шэуджэн Гощмафэ, УдыкIэко Адамэ, чIыпIэ койхэм яветеранхэм япащэхэу Делэкъо Рэщыдэ, БэгъушЭ Хьаруне, ГъукIэлI Мухьдинэ, Дыхъу Андзаур.

*НЭХЭЕ Рэмэзан.*

# Сомэ мин 50 рагъэпщыныгъ

ХЬЫКУМ ПРИСТАВХЭМ КЪАТЫ

Илъэс 28-рэ зыныбжь кIэлакIэу Мыекъуапэ щыпсэурэм зыныбжь имыкъугъэ ипшъэшъэжъые кIэлэпIупкIэр игъом зэрэIэкIимыгъахьэрэм фэгъэхьыгъэ гъэцэкIэкIо Iоф хьыкум приставхэм яфедеральнэ къулыкъу и ГъэIорышIапIэу Адыгэ Республикэм щыIэм и Мыекъопэ къэлэ отдел зэхифынэу щытыгъ. 2014-рэ илъэсым чъэпыогъум ар къызэIуахыгъ. ЗэрагъэунэфыгъэмкIэ, мэзэ пчъагъэм кIэлакIэм ты пшъэрылъхэр ыгъэцакIэщтыгъэхэп, ащ къыхэкIыкIэ чIыфэу телъыр сомэ мин 50-м кIэхьагъ. Хьыкум приставхэр ащ дэжь мызэу, мытIоу щыIагъэх, изекIуакIэ зэрэмытэрэзыр, пшъэдэкIыжь зэрэрагъэхьыщтыр гурагъаIонэу пылъыгъэх, ау ащ фэдэ фыщытыкIэ дэгъур ащ зэхишIагъэп, кIэлэпIупкIэмкIэ чIыфэр къыпщыныжьын ыдагъэп.

Тым мылъкоу IэкIэлъыр хьыкум приставхэм зэрагъашIэзэ зэрагъэунэфыгъэмкIэ, фэтэрым ызыныкъо тетхагъэу, автомобиль иIэу ыкIи банкым къыщызэIуихыгъэ счетым ахъщэ илъэу къычIэкIыгъ. А зэкIэри хьыкум пристав-гъэцэкIакIом къыдилъыти, хъульфыгъэм имылъку арест тырилъхьагъ. Мыщ фэдэ унашъо щыIэу зызэхехым, чIыфэр зытелъыр хьыкум приставхэм я Мыекъопэ къэлэ отдел ежьежьырэу къэкIуагъ ыкIи мы мафэ дэдэм сомэ мин 50-р ыпщыныжьыгъ.

Шъугу къэтэгъэкIыжьы, кIэлэпIупкIэр игъом зымытыхэрэм административнэ ыкIи уголовнэ пшъэдэкIыжь арагъэхьыщт. Ащ Iофыр нэшъумыгъэсэу шъуичIыфэхэр шъупщыныжьых.

# Аркъым ыуасэ зэхъокIыщт

**Мэзаем и 1-м къыщегъэжьагъэу аркъым ыуасэ къыщыкIэщт. Шъон пытэхэм ягъэзекIон лъыплъэрэ къулыкъум къызэритырэмкIэ, литрэныкъо зэрыфэрэ аркъ бэшэрэбым анахь осэ макIэу иIэм къеIыхыщт.**

Зырызыщэ уасэр процент 16 фэдизкIэ нахь макIэ хъущт. Сомэ 220-рэ ащ ыосагъэмэ, джы анахь аркъ пытыр соми 185-кIэ пщэфын плъэкIыщт.

«Урысые гъэзетым» къызэритырэмкIэ, а уасэм нахь пытэу тучанхэм аркъыр ащащэн фитыщтхэп. Аркъ нэпцIхэр щапIэхэм атемытынхэм пае илъэсищыкIэ узэкIэIэбэжьымэ анахь осэ макIэр агъэнэфагъагъ. Ащ къыщегъэжьагъэу шапхъэхэм адимыштэрэ аркъэу тучанхэм атетхэр нахь макIэ хъугъэх, ащ дакIоу къыдагъэкIырэ продукциеми къыщыкIагъ. «Росстатым» къызэритырэмкIэ, блэкIыгъэ илъэсым аркъэу къыдагъэкIыгъэр процент 24,8-кIэ нахь макI. Ащ къыхэкIыкIэ аркъым ианахь осэ макIэ къырагъэIыхынэу агъэнэфагъ.



Градус 28-м ехъу зипытэгъэ шъонхэми анахь осэ макIэр афагъэуцугъ нахь мышIэми, «Урысые гъэзетым» ижурналистхэр зэупчIыгъэхэ экспертхэм зэралъытэрэмкIэ, шъон пытэхэм ауасэ лъэшэу къеIыхыщтэп. Ау тиуахътэ ахэм ауасэ псынкIэу зэрэдэкIуаерэм фэдэщтэп. Шъон пытэхэм яфедеральнэ ыкIи шъолъыр бэдзэрхэр ушэтыгъэнхэмкIэ Гупчэм ипащэу Вадим Дробиз ыпэкIэ къызэриIогъагъэу, IэкIыб къэралхэм къаращырэ алкоголым ыуасэ мы илъэсым процент 20 — 25-рэ къыхэхъощт, ащ лъапсэу иIэр долларымрэ еврэмрэ ауасэ зэрэдэкIоягъэр ары. Урысыем къыщыдагъэкIырэ шъон пытэхэм процентиI 10 — 15 ахэхъощтыр.

*(Тикорр.).*

# КъыздикIыгъэм агъэкIожьыгъ

Хьыкумым унашъоу ышIыгъэм диштэу Республикэу Молдовэм къикIыгъэ хъулъфыгъэу кощын Iофхэмкiэ хэбзэгъэуцугъэр зыукъуагъэр мы мафэхэм тикъэралыгъо рагъэкIыгъ.

Щылэ мазэм и 25-м хьыкум приставхэм яфедеральнэ къулыкъу и ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм ихэушъхьафыкIыгъэ отряд иоперативнэ дежурнэхэм хэбзэгъэуцугъэр зыукъогъэ хъулъфыгъэр Шъачэ иаэропорт ращэлIэжьи, ар къыздикIыгъэм агъэкIожьыгъ. Джы илъэси 5-м къыкIоцI ар Урысыем къихьан фитыщтэп.

*Хьыкум приставхэм яфедеральнэ къулыкъу и ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм ипресс-къулыкъу.*

ИСКУССТВЭМРЭ ЩЫIЭНЫГЪЭМРЭ

# «Радугэм» илъэгъо нэфхэр

**Мыекъуапэ икIэлэцIыкIу орэдыIо-эстраднэ студиеу «Радугэр» илъэси 10 хъугъэ. Ащ фэгъэхьыгъэ зэхахьэ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо филармоние щыкIуагъ.**





КIэлэцIыкIухэмрэ ныбжьыкIэхэмрэ ятворчествэ зыщыхагъэхъорэ Гупчэу Мыекъуапэ дэтым истудиеу «Радугэр» щытыгъ. Илъэси 10-м къыкIоцI купыр искусствэм щызэлъашIагъ. Дунэе фестиваль-зэнэкъокъухэу Шъачэ, Анапэ, Москва, Санкт-Петербург, нэмыкIхэм ащызэхащагъэхэм «Радугэр» лауреат ащыхъугъ. ШIухьафтын шъхьаIэу «Гран-при» зыфиIорэр Шъачэ, Мыекъуапэ, фэшъхьафхэм къащихьыгъ. «Адыгеим ижъогъожъыехэр» зыфиIорэ фестивалым 2005 — 2011-рэ илъэсхэм лауреат ащыхъугъ.

Филармонием щыкIогъэ юбилей пчыхьэзэхахьэм Мыекъуапэ инароднэ депутатхэм я Совет итхьаматэу Джармэкъо Азмэт къызыщигущыIэм, «Радугэм» ихудожественнэ пащэу, Урысые Федерацием гъэсэныгъэмкIэ иIофышIэ гъэшIуагъэу Елена Щербак ишIушIагъэ осэ ин ритыгъ. Мыекъуапэ иадминистрацие ипащэу Александр Наролиным, къалэм идепутатхэм ацIэкIэ А. Джармэкъор «Радугэм» къыфэгушIуагъ. Ащ игущыIэ къыщыхигъэщыгъ кIэлэцIыкIухэмрэ ныбжьыкIэхэмрэ искусствэм зэрэфагъасэхэрэм дакIоу, щыIэныгъэм зэрэхащэхэрэм IэшIэхьэтетхэм, ны-тыхэм осэ ин зэрэратырэр.

Мыекъуапэ иадминистрацие культурэмкIэ игъэIорышIапIэ ипащэу Цэй Розэ зэхахьэм къыщиIуагъэми куоу уегъэгупшысэ. «Радугэм» IофшIэныр зеублэм еджэкIо 24-рэ хэтыгъэр, мы уахътэм студиер 80-м къехъу. Мыщ щагъэсагъэхэр Адыгэ Республикэм искусствэхэмкIэ иколледж, апшъэрэ еджапIэхэм ястудентых. Искусствэм ныбжьыкIэхэр епIух, зэфещэх. «Радугэм» урысхэр, адыгэхэр, ермэлхэр, урымхэр, къэндзалхэр, нэмыкIхэр щеджэх.

Лъэпкъхэм язэпхыныгъэхэр зыщагъэпытэрэ «Радугэм» къыфэгушIуагъэх, шIухьафтын лъапIэхэр къыфашIыгъэх Адыгэ Республикэм сабыим ифитыныгъэхэмкIэ и Уполномоченнэу Александр Ивашиныр, Мыекъуапэ инароднэ депутатхэм я Совет идепутатэу, Адыгэ Республикэм и Очылхэм япалатэ ипрезидентэу Мамый Алый, ОАО-у «Газпром газораспределение «Мыекъуапэ», ООО-у «Газпром межрегионгаз Майкопа» зыфиIохэрэм ядиректор шъхьаIэу Сергей Колесниченкэр, нэмыкIхэри.

Пчыхьэзэхахьэм изэхэщэнкIэ ны-тыхэм яшIогъэшхо къагъэкIуагъ. Къуикъо Анетэ, Лиана Закарьян, Лимит Сарьян, Светлана Тарохинам, Лада Ивашинам, Алевтина Пилищуковам, фэшъхьафхэм художественнэ пащэу Елена Щербак афэраз, гъэзетымкIи «тхьашъуегъэпсэу» ариIожьы шIоигъу.

### Хэхъоныгъэм икъежьапIэхэр

«Радугэр» пытэу ылъэ теуцонымкIэ IэпыIэгъу къыфэхъугъэхэм ащыщых тиорэдыIо цIэрыIохэр. Адыгэ Республикэм инароднэ артистхэу Нэхэе Тэмарэ, Михаил Арзумановыр, Кушъэкъо Симэ, фэшъхьафхэри ягъусэхэу кIэлэцIыкIухэм концертхэр къатыщтыгъэх. УзыкIырыплъырэ цIыфыр къыбготэу къыбдэлажьэ зыхъукIэ, лъэкIэу уиIэр нахьышIоу зыдэошIэжьы, уапэкIэ оплъэ.

Илъэс зэфэшъхьафхэм «Радугэм» хэтыгъэхэ пшъашъэхэм саготэу концертым сеплъыгъ, пчыхьэзэхахьэр къызаухым къэбар гъэшIэгъонхэр къысфаIотагъэх. Орэд къаIоным зыфагъасэзэ, пшъэшъэгъу зэфэхъугъэх, агу рихьырэ сэнэхьатхэр къыхахыгъэх. «Радугэр» еджапIэ, гугъэм ихэгъэхъуапIэ афэхъугъ.

Урысыем иэстрадэ щыIурэ орэдхэр, Адыгеим икомпозиторхэм аусыгъэхэр зэфэхьысыжь концертым щызэхэтхыгъэх. Адыгеим инароднэ артисткэу Кушъэкъо Симэ тилъэпкъ шъуашэ итхыпхъэхэр иджанэ хэгъэщагъэхэу пчэгум къихьагъ, «Радугэм» хэт пшъашъэхэм тилъэпкъ шъуашэхэр ащыгъхэу орэдыIом къыгоуцохи, къэшъуагъэх, къыдежъыугъэх.



ОрэдыIохэр, къэшъуакIохэр агъэсэнхэмкIэ Елена Щербак IэпыIэгъу къыфэхъухэрэ Елена Кандинскаям, Анна Мазуренкэм, Николай Арещенкэм, нэмыкIхэм зэралъытэрэмкIэ, «Радугэм» илъэгъо нэфхэр искусствэм нахь лъэшэу къыщышIэтыщтых. КIэлэцIыкIухэм яшIэныгъэ хагъахъозэ, алъэ пытэу теуцох.

Илъэси 10-р бэ ыкIи макIэ. «Радугэм» ар зыдишIэжьызэ, литературэм и Илъэс хэлажьэ. КIэлэеджакIохэм къаIорэ орэдхэмкIэ титхакIохэм, композиторхэм яIофшIагъэ лъагъэкIуатэ. Адыгэ Республикэм икъэралыгъо гъэпсыкIэ игъэпытэн хэлажьэх.

Опсэу, «Радугэр», Адыгеим итворческэ купхэм зэпхыныгъэу адыуиIэр бгъэпытэзэ, искусствэм лъагэу зыщыпIэтынэу пфэтэIо.

БАСКЕТБОЛ

## «Динамо-МГТУ» — «Муссон»

**Баскетбол командэу «Динамо-МГТУ»-р Урысыем изэнэкъокъоу апшъэрэ купэу «А»-м щыкIорэм хэлажьэ.**

Щылэ мазэм и 30-м ыкIи 31-м Мыекъуапэ ибаскетбол командэ зичэзыу ешIэгъухэр иIэщтых.

Севастополь икомандэу «Муссоным» «Динамо-МГТУ»-р тIогъогогъо дешIэщт. Непэ зэIукIэгъур пчыхьэм сыхьатыр 6-м Мыекъуапэ щаублэщт.

***НэкIубгъор зыгъэхьазырыгъэр ЕМТIЫЛЪ Нурбый.***

ГАНДБОЛ

## ЯтIонэрэ зэIукIэгъухэр

**Урысыем игандбол командэхэм язэIукIэгъухэр Мыекъуапэ щэкIох. 2000-рэ илъэсым къэхъугъэ пшъашъэхэр тикъалэ мэзаем и 2-м нэс щызэнэкъокъущтых.**

Адыгэ къэралыгъо университетым физкультурэмкIэ ыкIи дзюдомкIэ и Институт тыгъуасэ зэрэщешIагъэхэр зэтэгъапшэх.

**«Университет» Ижевск — «Ростов-Дон» Ростов-на-Дону — 20:19, «Лада» Тольятти — «Краснодар-2» Краснодар — 29:22, «Адыгея» Адыгэ Республикэр — «Краснодар-1» Краснодар — 18:13.**

Апэрэ чIыпIи 4-р къыдэзыхырэ командэхэр финалым хэхьащтых. «Адыгеим» итренерыр Евгений Поповыр ары.

**Зэхэзыщагъэхэр ыкIи къыдэзыгъэкIырэр:**
Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет
Адресыр: ур. Крестьянскэр, 236

**Редакцием зыдэщыIэр:**
385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:**
приемнэр: 52-16-79,
редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44,
редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:** **adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:**
Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр **ПИ №ТУ23-00916**

**Зыщыхаутырэр**
ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**ЗэкIэмкIи пчъагъэр 4015**
**Индексхэр 52161 52162**
**Зак. 141**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр Сыхьатыр 18.00

Редактор шъхьаIэр
**Дэрбэ Тимур**

Редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр
**МэщлIэкъо Саид**

Редактор шъхьаIэм игуадзэр — пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр
**Хъурмэ Хъусен**